# V. КӘРХАНА ҲӘМ ШӨЛКЕМЛЕРДИҢ ФИНАНСЛЫҚ НӘТИЙЖЕЛЕРИ[1)]

**Пайда.** Есабат мағлыўматларына көре, 2020 жылдың январь-май айларында экономика тармақларында кәрхана ҳәм мәкемелер тәрепинен 1632,7 млрд. сўм. муғдарында жуўмақлаўшы финанслық нәтийже алынды. 2019 жылдың усы дәўирине салыстырғанда, пайда көлеми 625,9 млрд. сўмға кемейген ҳәм өткен жылдың тийисли дәўирине салыстырғанда 72,3 % ти қурады.

**2020 жылдың январь-май айларында экономикалық ҳыхмет түрлери бойынша жуўмақлаўшы финанслық нәтийжелери**

| | *Пайда, зыян (-), млрд. сўм* | *2019 жыл январь-майға салыстырғанда, % те* |
|---|---|---|
| **Жәми** | **1632,7** | **72,3** |
| Аўыл, тоғай ҳәм балық хожалығы | 0,1 | 132,5 |
| Таў-кән санааты ҳәм ашық кәнлердиислеў | 0,2 | 113,5 |
| Ислеп шығаратуғын санаат | 1521,8 | 67,8 |
| Электр,газ, пуў менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў | 106,4 | - |
| Суў менен тәмийнлеў; канализация тармағы, шығындыларды жыйнаў ҳәм утилизация қылыў | 0,0 | 2,1 е. |
| Қурылыс | 0,9 | 55,4 |
| Саўда | 1,4 | 34,8 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | -3,5 | - |
| Көшпесмүлк пенен операциялар | 0,9 | 98,5 |
| Басқарыў бойынша тараў ҳәм жәрдемши хызметлер | 4,5 | 1,0 |

[1)]*Бюджет ва бошқа нотижорат ташкилотлар, маҳсулот ишлаб чиқарувчи қишлоқ хўжалик корхоналари, фермер ва деҳқон хўжаликлари, суғурта ташкилотлари, банклар, кичик корхоналар ва микрофирмаларсиз.*

2020 жылдың январь-май айларында өткен жылдың усы дәўирне салыстырғанда, пайданың тийкарғы өсими “Ўзавтосаноат” АЖ (1,2 млрд.сўмға), “Узкимесаноат” АЖ (2,3 млрд.сўм), “Ўзпахтасаноат” АЖ (3,7 млрд.сўм), “Уздонмахсулот” АЖ (2,5 млрд.сўм)ға туўры келеди. Пайданың пасейиўи "Узбекозиковкатзахира" бирлеспеси – (0,02 млрд.сўм), "Узагрокимехимоя"АЖ(0,4 млрд.сўм) есабына туўры келди.

2020 жыл январь-май айлары жуўмақлары бойынша ири коммерциялық кәрханалардың пайдасы 1632,7 млрд. сўмды қурап, өткен жылдың усы дәўирине салыстырғанда 27,7 процентли пунктке кемейген.

Аймақлар кесиминде пайданың тийкарғы бөлеги Нөкис қаласы – 1528,9 млрд. сўм (жәми пайданың 93,6 %), Тақыятас – 96,9 млрд. сўм (5,9 %), Қоңырат –5,1 млрд. сўм (0,3 %) Нөкис район 3,6 млрд. сўм (0,2 %) ҳәм Төрткүл 1,0 млрд. сўм (0,06 %) районларына туўры келеди.

Сондай-ақ, Шоманай районында ири комерциялық кәрханалар болмағанлығы себепли, пайда (зыян) муғдары келтирилмеген.

**2020 жылдың январь-май айларында қала ҳәм районлар кесиминде жуўмақлаўшы финанслық нәтийжелери**

| | *Пайда, зыян (-), млрд. сўм* | *2019 жыл январь-майға салыстырғанда % те* |
|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **1632,7** | **72,3** |
| Нөкис қ. | 1528,9 | 68,5 |
| *районлар:* | | |
| Әмиўдәрья | 0,9 | 78,5 |
| Беруний | 0,5 | 46,8 |
| Қараөзек | 1,4 | 136,5 |
| Кегейли | 2,3 | 2,3 е. |
| Қоңырат | 5,1 | 47,5 |
| Қанлыкөл | -9,8 | - |
| Мойнақ | 0,0 | 66,7 |
| Нөкис | 3,7 | 19,2 |
| Тақыятас | 96,9 | - |
| Тахтакөпир | 0,2 | 4,3 е. |
| Төрткүл | 1,0 | 70,9 |
| Хожели | 0,9 | 11,0 |
| Шымбай | 0,2 | 37,7 |
| Елликқалъа | 0,2 | 94,0 |

**Зыянлар.** 2020 жылдың январь-май айларында 5 мәкеме ҳәм кәрханаларда 17292,8 млн. сўм зыянға жол қойылған. Зыянлардың тийкарғы бөлеги Мәлимлеме технологиялары ҳәм коммуникацияларды раўажландырыў министрлиги 722,0 млн. сўм, “Өзбекстан Республикасы үй-жай коммунал хызмет министрлиги” 95,4 млн.сўм, "Өзбекстан ҳаўа жоллары" 3500,0 млн.сўм, “Дәри-дәрман” АК 1053,0 млн.сўм ҳәм басқалар 11922,4 млн.сўм үлесине туўры келмекте.

**2020 жыл январь-майда зыян көрген мәкеме ҳәм кәрхоналардың финанслық нәтийжелери** *(жәмине салыстырғанда % те)*




2020 жыл январь-май айларында 5 кәрхана өз ҳарекетлерин зыян менен жуўмақлаған болып, көрилген зыянның улыўма муғдары 17292,8 млн. сўмды қурайды. Экономикалық хызмет түрлери бойынша ең көп зыян муғдары ислеп шығаратуғын санаат 11922,4 млн. сўм (кәрханалар саны 1 бирлик 68,9 процент), электр газ, пуў менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициалаў 95,4 млн. сўм (кәрханалар саны 1 бирлик, 0,6 процент), көтере ҳәм усақлап сатыў 1053,0 млн. сўм (кәрханалар саны 1 бирлик, 6,1 процент), сақлаў хожалығы ҳәм жәрдемши транспорт хызмети 3500,0 (кәрханалар саны 1 бирлик 20,2 процент), почта ҳәм курьерлик хызмети 722,0 млн. сўм (кәрхана саны 1 бирлик, республика бойынша жәми зыян муғдарының 4,2 %) үлесине туўры келеди.

**2020 жылдың январь-май айларында экономика хызмет түри бойынша зыян көрген кәрхана ҳәм мекемелердиң финанслық нәтийжелери**

| | *Кәрханалар саны* | *Зыян суммасы* | |
|---|---|---|---|
| | | *млн. сўм* | *жәмине салыстырғанда % те* |
| **Жәми** | **5** | **17292,8** | **100,0** |
| Саўда | 1 | 1053,0 | 6,1 |
| Ислеп шығаратуғын санаат | 1 | 11922,4 | 68,9 |
| Электр газ, пуў менен тәмийинлеў ҳәм ҳаўаны кондициялаў | 1 | 95,4 | 0,6 |
| Сақлаў хожалығы ҳәм жәрдемши транспорт хызмети | 1 | 3500,0 | 20,2 |
| Почта ҳәм курьерлик хызмети | 1 | 722,0 | 4,2 |

**2020 жылдың январь-майына экономикалық хызмет түрлери бойынша зыян көрген кәрхана ҳәм мекемелердиң финанслық нәтийжелери**
*(жәмине салыстырғанда % те)*



### 2020 жылдың январь-май айларында қала ҳәм районлар кесиминде зыян көрген кәрхана ҳәм мекемелердиң финанслық нәтийжелери

| | *Кәрханалар саны* | *Зыян көрген кәрханалардың үлеси, % те* | *Зыян суммасы, млн. сўм* |
|---|---|---|---|
| **Қарақалпақстан Республикасы** | **5** | **100,0** | **17292,8** |
| Нөкис қ. | 4 | 31,1 | 5370,4 |
| Қанлыкөл | 1 | 68,9 | 11922,4 |

### Кәрхана ҳәм мекемелердиң дебиторлық ҳәм кредиторлық қарыздарлық жағдайы[1)]

2020 жыл 1 июнь жағдайына дебитор қарыздарлықтын улыўма көлеми 2122,3 млрд. сўмды қурады, соннан мүддети өткен – 10,8 млрд. сўм ямаса жәми қарыздарлықтың 0,5 %. Мүддети өткен дебитор қарыздарлық 2019 жылдың 1 июнына салыстырғанда 126,4 % ти қурап, 2267,0 млн. сўмға асқан.

**2020 жылдың 1 июнь жағдайына министрликлер ҳәм мекемелердиң дебитор қарыздарлығы** *(жәмине салыстырғанда % да)*




*[1)]Бюджет ҳәм басқа коммерциялық емес шөлкемлер, өним ислеп шығарыўшы аўыл хожалығы кәрханалары, фермер ҳәм дийқан хожалықлары, қамсызландырыў шөлкемлери, банклер, киши кәрханалар ҳәм микрофирмаларсыз.*

2020 жыл 1 июнь жағдайына жәми дебиторлық қарыздарлықлар көлеми 2122,3 млрд. сўмды қурады, дебитор қарыздарлықлардың тийкарғы бөлеги “Ўзтрансгаз” АЖ 635,2 млрд. сўм (жәмине салыстырғанда 30,0 процент), “Иссиклик электр станциялари” АЖ 275,3 млрд. сўм (12,9 %), “Ўзпахтасаноат” АЖ 112,6 млрд. сўм (5,3 %), “Ўзагрокимёҳимоя” АЖ 94,8 млрд. сўм (4,5 %), “Ўздонмахсулот” АЖ 41,9 млрд. сўм (1,9 %), "Аймақлық электр тармақлари" 31,8 млрд. сўм (1,5 %), “Ўзкимёсаноат” АЖ 33,2 млрд. сўм (1,6 %), "Ҳудудгаз таъминот" 24,5 млрд. сўм (1,2 %), “Ўзбекнефтегаз” АЖ 33,7 млрд. сўм ( 1,6 %), “Өзбекстан Республикасы автомобил жоллари мәмлекетлик комитети” 17,2 млрд. сўм (0,8 %) ҳәмде басқалар 822,0 млрд сўм (38,7 %) үлеслерине туўры келди.

**2020 жыл 1 июнь жағдайына экономикалық хызмет түри бойынша мүддети өткен дебитор қарыздарлықтың қурамы**

| | *Жәми, млрд. сўм* | *оннан:* | | | *Мүддети өткен қарыздар-лықтың үлеси, % те* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *қарыйдар ҳәм буйыртпа-шылар* | *жеткерип бериўшилерге ҳәм пудратшы-ларға берилген аванслар* | *ишки мекеме-лер аралық* | |
| **Жәми** | **10,8** | **0,08** | **2,2** | **8,6** | **100,0** |
| Ислеп шығаратуғын санаат | 9,6 | 0,05 | 1,1 | 8,5 | 88,9 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 1,2 | 0,03 | 1,1 | 0,1 | 11,1 |

**2020 жыл 1 июнь жағдайына экономикалық хызмет түрлери бойынша мүддети өткен кредитор қарыздарлықтың қурамы**

| | *Жәми, млрд. сўм* | *оннан:* | | | *Мүддети өткен қарыздар-лықтың үлеси, % да* |
|---|---|---|---|---|---|
| | | *қарыйдар ҳәм буйыртпа-шылар* | *алынған аванслар* | *ишки мекеме-лер аралық* | |
| **Жәми** | **2,5** | **2,5** | **-** | **-** | **100,0** |
| Ислеп шығаратуғын санаат | 2,4 | 2,4 | - | - | 96,0 |
| Тасыў ҳәм сақлаў | 0,1 | 0,1 | - | - | 4,0 |

**2020 жыл 1 июнь жағдайына министрликлер ҳәм мекемелердиң кредитор қарыздарлығы** *(жәмине салыстырғанда % да)*




2020 жыл 1 июнь жағдайына жәми кредитор қарыздырлықлар көлеми 3176,0 млрд. сўмды қурайды, кредитор қарыздарлықлардың тийкарғы бөлеги “Ыссылық электр станциялары” АЖ 270,7 млрд. сўм (жәмине салыстырғанда 8,5 %),“Ўзпахтасаноат” АЖ 187,9 млрд. сўм (5,9 %),“Қарақалпақ аймаклық электр тармақлары кәрханасы” АЖ 91,7 млрд.сўм (2,9 %) “Узтрансгаз” АЖ 46,1 млрд. сўм (1,5 %),"Ўзбекистон темир йуллари"АЖ 43,1 млрд. сўм (1,3 %), “Ҳудудгаз таъминот" АЖ 8,8 млрд. сўм (0,2 %), “Ўздонмаҳсулот” АЖ 40,2 млрд. сўм (1,2 %), “Ўзкимёсаноат” АЖ 24,6 млрд. сўм (0,8 фоиз), “Өзбекстан республиксы үй-жай коммунал хызмет министирлиги” 21,1 млрд. сўм (0,7 %), “Ўзбекнефтегаз” АЖ 29,0 млрд. сўм (0,9 %), ҳәмде басқалар 2412,8 сўм (76,1 %) үлеслерине туўры келди.